


KOTE BONDYE

CHWAZI POU ADORE

 Annou rete kanpe pou yon moman pandan n ap bese tèt nou pou lapriyè. Epi kounye a, ak tèt nou bese, e mwen gen konfyans ke kè nou bese, tou, mwen mande m konbyen isi a aswè a ki ta renmen ke yo sonje yo nan lapriyè, apwopo yon bagay espesyal? Èske w ta vle jis leve men w, di: “Bondye, ban mwen aswè a sa m ap chache a.” Seyè a beni nou.

² Papa nou ki nan Syèl la, pandan nou apwoche kounye a avèk imilite gran Twòn gras sa a, pa lafwa, nou avanse nan Lodela yo; kote Bondye, ak Zanj yo, ak Cheriben yo, ak tout lame Selès la rasanble ansanm. Paske Li te di ke pa ka menm gen yon zwazo madan sara ki tonbe atè a san Papa ki nan Syèl la pa konn sa. Konbyen plis Li konnen isi a lè plizyè santèn moun gen tèt yo bese, epi ap rele W pou demann espesyal. Papa, gade anba sou mond ki nan nesosite a aswè a, paske nou se yon pèp ki nan nesosite.

³ E mwen priye, Bondye, ke paske nou rasanble isi a epi eksprime W lafwa nou nan yon Bondye vivan Ki reponn lapriyè; nou soti nan mitan mond ensikonsi yo, nan kè ak zòrèy yo, soti pou viv yon vi separe, epi viv nan konfese lafwa nou nan Ou. Aswè a nou leve men nou, epi n ap di: “Nou nan nesosite.” Chè Bondye, reponn chak demann yo.

⁴ E alò, Papa, nou priye ke W va vizite nou aswè a nan Pawòl la. Nou vin isi a pou koreksyon, pou bon konprann, pou nou te ka konnen jis kijan pou n viv nan jou prezan sa; kisa pou tann pou pi devan, kisa pou fè. Paske, nou konnen Vini Seyè a ap apwoche, dapre tout siy ke pwofèt yo te predi. N ap apwoche tan an, Seyè, kote yo pral bay pitit Ou yo delivrans konplè. Bondye, kite nou, chak moun, pou l la, Papa. Ke pa gen youn ki manke. Se objektif nou pou nou isi a, Seyè. Nou renmen W, e n ap eseye prepare nou pou lè sa.

⁵ Pale avè nou, nou mande ankò, aswè a. Epi geri malad yo. Tout malad ak aflije ki nan bilding lan, nou priye ke Ou va geri yo, Seyè; e espesyalman sila yo ki gen bezwen espiritiyèl. Nou priye ke Ou va sove tout nanm ki pèdi. Ranpli chak kwayan ak Sentespri a. E renouvle fòs ak Pwisans nan pitit Ou yo ki kwayan. Akòde bagay sa yo, Papa. Nou mande anpil, paske Ou te di nou mande, “mande nan abondans, mande pou gwo bagay, anpil nan yo,” pou lajwa nou yo ka ranpli. E nou mande yo nan Non Jezikri. Amèn.

Nou mèt chita.

6 Se sèten mwen konsidere sa se yon gran privilèj aswè a, pou m retounen isi a sou lestrad la ankò, isi a nan lekòl segondè sa, pou fè fas a moun debyen sa yo ki rasanble pou tande Levanjil la. Mwen mande mizerikòd Bondye pou ede m di nou Laverite osi lwen ke mwen konnen Laverite. Li toujou ka fèmen bouch yon nonm, menm jan Li te ka fèmen bouch yon lyon. E si m ta janm eseye di nenpòt bagay ki te fo e ki kontrè a volonte L, priyè sensè mwen se ke Li ta fèmen bouch mwen, pou ke mwen pa di l. Paske, vrèman, mwen vle nan Syèl la, mwenmenm; e m pa t ap janm la, e, anplis tout sa, m t ap yon fo lidè, yon moun ki te fè yon bagay fo. Si m fè l, se paske m pa konnen okenn diferans. Seyè a beni nou.

7 Kounye a, demen maten, si se volonte Bondye, mwen vize pou m pale sou sijè sa, *Maryaj Ak Divòs*. E nou gen konfyans ke w ap vini, epi pote kreyon ak papyè w yo. Nou p ap pran twòp tan, men m ta jis renmen . . . Se te objektif mwen pou m te tounen isi a, an premye, nan Indiana, ke mwen te pwomèt nou sa. E m pral eseye, demen maten. Si m pa pran li demen maten, m ap pran li demen swa. Men mwen pral eseye demen maten, si Seyè a vle, pale sou sijè a, de lekòl panse yo. E ke Bondye ede nou konnen ki sa ki Verite, jis konnen ki sa ki Verite, konsa nou ka mache nan Laverite ak nan Limyè. Nou . . .

8 Ou konnen, m te abitye gen yon vye zanmi koulè. Li te di m, li te di: “Frè Billy,” li te di, “mwen—mwen pa vle okenn pwoblèm nan rivyè a.” Li di: “Mwen vle gen tikè m nan men m. E lè siflèt la sonnen, mwen pa vle okenn pwoblèm la. Mwen te mande Seyè a, sa fè lontan, si gen yon bagay ki mal, kite m regle sa touswit,” li te di, “paske l ap fè nwa epi gen tanpèt jou maten sa lè bato a va pati pou lòt bò a.” Li di: “Mwen pa vle okenn entèferans. Mwen vle trete tout sa kounye a.” Se pou sa nou isi a, eseye trete tout entèferans yo, pou nou ka mache abò nan lè sa a.

9 Kounye a, m p ap pale avè nou trè lontan aswè a, paske nou gen de sèvis demen. E apre sa mwen pati dwat al, yon lòt kote, pou yon lòt, lòt reyinyon.

10 Men, kounye a, nan Liv Detewonòm lan. Mwen swete li apati de chapit 16 la, twa premye vèsè yo, nan Detewonòm 16:1 rive nan 3.

Lè mwa Abib la va rive, se pou nou fete fèt delivrans lan. . . SEYÈ a, Bondye nou an, . . . se yon jou lannwit konsa, nan (katriyèm) mwa Abib la, SEYÈ a, Bondye nou an, te fè nou soti kite—soti kite peyi Lejip la.

Pou fèt delivrans lan, n a ofri bèf, kabrit ak mouton pou yo touye pou SEYÈ a, Bondye nou an, kote SEYÈ a te chwazi pou yo mete non l la.

11 Kounye a, sijè pa m aswè a se: *Kote Bondye Chwazi Pou Adore*.

Si w remake, mwa A-b-a-d . . . -b la a, siyifi, “avril.” Mwa avril la se lè yo te mennen yo soti.

Epi kounye a bagay ki etranj la se ke nou aswè a, antan ke adoratè Bondye, nan jou sa n ap viv ladann lan, e nou jwenn tèlman anpil diferan lide de moun yo. E toutotan ke gen diferan lide sou yon bagay, dwe gen diferan kesyon; dwe gen yon sèl vrè repons pou chak kesyon ki poze.

Si m ta poze kesyon an: “Kisa sa ye?”

“Ebyen,” yo tap di, “yon chè.”

“Pou kisa l ye?” Ou wè?

¹² Kounye a, la, yon moun te ka di: “Se pa yon chè. Se yon planch.” Ebyen, li se yon planch, men poutan li se yon chè. Ou wè, dwe gen yon vrè repons pou sa.

E si m ta poze yon kesyon sou nenpòt bagay, dwe gen yon vrè repons. Kapab gen yon bagay pwòch li; men dwe gen yon vrè, repons dirèk pou chak kesyon. Kifè, se poutèt sa, pou chak kesyon ki poze nan lavi nou, dwe gen yon vrè, repons kòrèk.

¹³ E kounye a, jodi a, nou tande—tande sa te di, tèlman anpil nan moun nou yo nan mond lan jodi a . . .

Antan ke yon misyonè, m te fè plizyè vwayaj atravè lanmè a ak atravè mond lan, mwen te an kontak ak anpil relijyon diferan, tankou Bouda, ak Maometan, ak Sik, ak Djayins yo, ak kisa ankò, relijyon yo nan lemond. Epi apre sa isi a nan pwòp Etazini nou an; ak lòt peyi etranje, nou rankontre tout diferan legliz nou yo, tankou legliz denominasyonèl nou yo, kòmanse ak premye Katolik Women an, epi apre rive nan Grèk la, e latriye, ak diferan rit yo—yo, epi apre desann nan . . . tout aj denominasyonèl yo, de nèfsan e kèk denominasyon Pwotestan diferan.

Kounye a, yo chak, natirèlman, ou te ka wè lide yo, e m pa ka blame yo. Yo chak deklare ke yo se laverite, yo gen laverite. E moun ki fè pati de legliz sa yo ta dwe kwè sa, paske yo mize destinasyon yo—yo, destinasyon Etènèl yo, sou ansèyman legliz sa. E yo tèlman diferan, youn ak lòt, jouk sa fè nèfsan e kèk kesyon diferan.

Se poutèt sa, kòm se nèfsan e kèk kesyon diferan, dwe gen yon Repons kòrèk. E m ta renmen pou nou aswè a, kòm n ap eseye ale nan Syèl, epi rankontre Seyè Jezi nou an Ke nou tout renmen, mwen ta renmen chache nan Lèzekriti pou jwenn sa.

¹⁴ Bon, si se yon kesyon Biblik, alò li ta dwe gen yon repons Biblik. Li pa ta dwe kapab soti nan yon gwoup òm, nan yon sèten konfreri, oswa nan kèk edikatè, oswa nan kèk denominasyon. Li ta dwe soti dirèkteman nan Lekriti, kote plas reyinyon Bondye a ye, pou adorasyon. E se sèten, kòm etan Bondye, gen yon plas reyinyon yon kote, ke Li rankontre.

¹⁵ Kounye a, nou dekouvri isi a ke nan Detewonòm isi a, nan kòmansman an, Moyiz ap resite Lekriti, bagay li te di yo, kijan Li te fè yo soti kite Lejip ak yon gwo ponyèt, djanm, e te tabli yo an premye.

Yo te rele yo “pèp Bondye a” jouk yo te soti kite Lejip, e apre sa yo te rele yo “legliz Bondye a.” Paske, yon legliz se yon asanble, oswa, reyèlman, *legliz* la vle di “sila yo ki ap pou soti,” sa yo ki te ap pou soti. E yo soti kite Lejip, pou yo sa legliz la.

¹⁶ Kounye a Bondye te di yo, lè yo . . . anvan yo te tabli tanp lan ak kèlkeswa sa yo te fè a, “Mwen pral chwazi plas pou adorasyon Mwen an, e M ap mete Non Mwen ladan l.” E se sèl kote ke Bondye t ap janm rankontre nenpòt moun, se te pa Pwòp chwa pa L. Li te chwazi plas Li, e kote Li te chwazi plas Li, Li mete Non Li, vèsè 2 isi a di nou sa; Li t ap mete Non Li nan plas ke L te chwazi pou moun yo adore L ladann. Kounye a, bagay la se ke, nou vle jwenn kote plas sa ye.

¹⁷ Avèk nèfsan e kèk lide diferan, menm si ke nou mete sou kote tout relijyon payen yo, epi nou jis ap pale de relijyon Kreyen an. Poutan, mwen gen yon santiman pou payen yo, sinon sètènman mwen pa t ap al lòtbò a pou pale avè yo. Men, yo antò. Krisyanis se sèl relijyon ki vrè, se Krisyanis. E m ap di sa pa egzakteman paske m se yon Kreyen; paske, mwen kwè ke se Laverite. Se sèl relijyon ki kòrèk.

¹⁸ Mwen te ale nan tonm kote chwal blan an chanje chak katrèdtan. Kote, Moamèd, yon gran prèt epi—epi lidè pa lontan apre Kris, yo di ke li te yon pwofèt, e, mwen pa doute ke l te sa, touswit apre frè Makabe yo. Men lè yo . . . Li te mouri. Li te deklare ke li t ap resisite ankò epi li t ap konkeri lemond antye. Kounye a, apeprè chak katrèdtan yo chanje gad, epi yo kenbe yon chwal blan nan tonm li. Yo fè sa, depi de mil an, ap tann li resisite ankò epi konkeri mond lan. Men ou wè . . .

¹⁹ Epi ou pran Bouda; Bouda te viv plizyè santèn lane, apeprè de mil twa san lane de sa, dye Japon an. E alò li te yon filozòf, yon bagay tankou Confucius, e latriye.

Men tout sa yo, pou . . . fondatè yo, e latriye, yo tout te mouri ak filozofi yo, e yo antere epi yo nan tonm lan.

Men Krisyanis, ke Jezikri tabli, gen yon tonbo vid. Li te sèl Nonm ki te janm kanpe sou tè a, e ki te viv epi te di: “Mwen gen pouvwa pou M poze lavi M atè epi resisite l ankò.” E Li te fè l. E L ap viv jodi a.

E nou konnen L ap viv, paske Li avèk nou epi Li pwouve Tèt Li pa siy fizik ak mèvèy, ke Li te pwomèt ke Li t ap fè pou montre sa. Sitèlman, tankou yon Kolòn Dife ki te kondwi pitit Izrayèl yo nan dezè a, Sa avèk nou jodi a, menm gen foto L ki pran; L ap akonpli siy ak mèvèy ke Li te pwomèt Sa t ap fè nan jou sa, tandi ke nou wè tout Pawòl Li te pwomèt yo ap manifeste jodi a. Se poutèt sa, rès mond payen an soti nan kous la. Se Krisyanis!

20 Kounye a, kòm gen nèfsan e kèk kesyon sou kote Bondye rankontre, “Li rankontre ak Metodis yo, oswa Li rankontre nan Batis yo, e Li rankontre nan *sesi*, ak *sela*, ak se *lòt bò*.” Kounye a, gen yon kesyon la, kifè chak moun dwe chache pwòp sali pa l ak laperèz ak tranbleman.

Men aswè a mwen vle eseye jwenn, epi pwouve nan Lekriti, kote plas ki kòrèk la se kote Bondye rankontre epi adore ak moun yo. E, si se sa, se sèl kote L ap janm rankontre.

21 Kounye a, nou te pran pasaj sa a nan Detewonòm. Se yon mo grèk ki gen yon sans konpoze, oswa, li vle di, “de lwa.” Mo grèk la, *Detewonòm*, vle di “de lwa diferan.”

E se jis sa Bondye genyen, de lwa diferan. E youn ladan yo se yon lwa lanmò, e lòt la se yon lwa Lavi. Bondye gen de lwa. Pou swiv Li, epi sèvi L epi adore L, se Lavi; pou rejte Li se lanmò. Gen de lwa nan Bondye.

22 Kounye a, youn nan lwa sa yo te reko- . . . devwale bay mond lan, sou Mòn Sinayi. Bondye te bay Moyiz ak Izrayèl lwa a. Se pa t ke lalwa te ka ede yo, men lalwa te sèlman montre yo ke yo te pechè. Jouk tan sa a, yo pat konn kisa peche te ye, jouk yo te gen yon lwa. Pa ka gen yon lwa san yon pèn. Yon lwa pa yon lwa, san pèn. Kifè, se poutèt sa, “Transgresyon lalwa a se peche, e salè peche se lanmò.” Kifè se poutèt sa, jouk Bondye te fè yon lwa pou yo, pat gen okenn transgresyon ki te konte pou yo.

Si pa gen okenn lwa isi a ki di ou pa ka kouri plis pase trannde kilomèt alè, alò ou te ka kouri plis pase trannde kilomèt alè. Men lè gen yon lwa ki di ou pa ka fè l, alò gen yon lwa ak yon pèn deyè l.

23 Kounye a, lanmò, lwa lanmò a, se te kòmandman yo te bay sou Mòn Sinayi a, ki te di lòm ke li te yon pechè. Epi, pou l transgrese lwa Bondye a, li te mouri. Men pa gen okenn sali nan lalwa. La . . . Se te sèlman yon polisye ki te ka mete w nan prizòn; li pa t gen anyen pou fè w soti avè l.

Men apre sa Li te bay yon lòt lwa, se te sou Mòn Kalvè a, kote peche te vin sou kont Jezikri, e se la penalite a te peye. E pa avèk . . . San lalwa, “men pa gras ou sove,” pa gras Bondye, atravè predestinasyon de prekonesans Bondye sou èt ou.

24 Kounye a nou wè de lwa sa yo, Detewonòm, k ap pale de de lwa. Te gen de lwa. Youn se te lwa lanmò a, e lòt la lwa Lavi a.

25 Te gen de alyans tou yo te bay moun yo. Nou pral pale de yo maten an.

Yo te bay Adan youn nan yo sou kondisyon, “si w fè *sesi* epi w pa fè *sela*,” men yo te vyole lwa sa. Adan, Èv te vyole sa, nan jaden Edenn lan.

Alò Bondye te fè dezyèm alyans lan, e L te bay Abraham sa, e lwa sa te san kondisyon. “Se pa sa w te fè oswa sa w pral fè;” Li te di, “Mwen deja fè l.” Sa se gras. Sa se lwa Lavi a. Bondye

te fè sa pou Abraham ak Semans li apre l, sa vle di, tout Semans Abraham lan.

Jan Bib la te di: “Tout Izrayèl pral sove,” men sa pa vle di Jwif. Jan Pòl te di: “Izrayèl sa ki anndan an, oswa Izrayèl sou deyò a.” “Sou deyò a,” jan nou te pale de li lòt jou swa a, se te pitit Izarak, pa sèks. Men lwa Bondye a se te atravè Kris, ki te Semans Wayal Abraham lan, ke, “pa gras tout Izrayèl sove.” Sa se, “Tout sa ki nan Kris sove,” tout, dezyèm alyans Bondye a. Men tout bagay sa yo te prefigire Kris.

²⁶ Kounye a remake vèsè 2 a. Vèsè 2 a isi a nan Detewonòm 16: “Adore nan plas ke Mwen te chwazi a.” Kounye a ou dwe adore Bondye, Li di: “Nan plas ke Mwen te chwazi a,” pa sa yon lòt moun te chwazi, men, “sa Mwen te chwazi a.”

Kounye a, si Bondye te chwazi yon plas, li nesèsè pou nou lè sa a pou n dekouvri kisa Li te di sou sa. E ki kote l ye? Mwen vle jwenn li, paske, vrèman, mwen vle adore L.

Nou tout isi a, aswè a, pou adore L. Nou chita isi a aswè a, antan ke Metodis, Batis, Katolik, Temwen Jewova, Kreyen Syantis, ak tout, men nou tout ap cache yon bagay.

Nou vle konnen Laverite. Bib la di: “Nou va konnen Laverite, e Laverite va rann nou lib.”

Yon moun, ou pa ka konnen sa w ap fè, ou pa konn kijan pou fè l jiskaske ou konnen kijan pou fè l; ou pa konn kisa pou fè jiskaske ou konnen kijan pou fè l, pito. Ou dwe konnen kisa w ap fè ak kijan pou fè l.

²⁷ Sa montre nou ke Bondye gen yon kote pou adoratè L yo reyini, nan yon sèten kote. Se nan kote sa, sèlman, Bondye rankontre adoratè L yo.

²⁸ Kounye a, tou, kote Li te chwazi pou adoratè Li yo, Li te deklare ke Li t ap mete Non Li. Kounye a ann cache epi jwenn, atravè Lekriti, kote plas sa a ye. Se sèten, si Bondye te di Li t ap mete Non Li nan plas sa a kote Li te chwazi pou rankontre moun yo epi adore avè yo. . . oswa yo adore L, pito, ke li yon kote nan Bib la, paske li te pou tout laj.

²⁹ E gran Bondye ki pa chanje a pa ka chanje. Lòm chanje. Men ou ka mete lavi w sou nenpòt bagay ke Bondye te janm di a nenpòt kilè, paske se Laverite. Se Laverite. Paske, se sèl bagay mwen ka gen konfyans ladann, se Bib la. Paske, pawòl lòm ap fayi, men Bondye siprèm.

Ane sa mwen ta dwe konnen plis pase mwen te konnen ane pase. Ou ta dwe, tou, chak jou. Nou limite, kifè nou avanse an konesans.

Men Bondye enfini. Li enfini. E, kòm Li enfini, Li pa ka avanse an konesans. Li pafè, pou kòmanse. Chak desizyon dwe egzaktaman kòrèk.

³⁰ E fason Bondye te aji yon fwa, Li dwe aji konsa pou tout tan, oswa Li te aji mal lè Li te aji premye fwa a. Si yon nonm te janm vin jwenn Bondye pou sali, sou baz ke Li te aksepte l la, li dwe aksepte sou menm baz sa chak fwa. Se vre. Si yon moun te janm vin jwenn Bondye pou gerizon Divin, e Bondye te aksepte l sou yon sèten baz, pwochen nonm lan ki vini an, Li dwe aksepte l menm fason an, oswa Li te fè sa mal lè Li te aksepte premye nonm lan. Bondye te fè yon baz ke Li t ap rankontre yon nonm sou li. Li te fè yon baz kisa Li t ap fè, kijan Li t ap fè l, e se te atravè san sakrifis yon ayo nan jaden Edenn lan. Bondye pa janm, okenn fwa, janm chanje l.

³¹ Li te deside kijan Li t ap sove lòm. Nou te eseye jodi a edike lòm ladan l; nou te eseye eskolarize yo, nou te eseye edike yo, nou te eseye bay yo denominasyon, nou te eseye fè tout lòt kalite bagay sa yo; fè yo antre, sekwe yo, batize yo, tout lòt fason ki genyen, fè yo antre avèk lèt. Men sa toujou rete, menm bagay la, Bondye rankontre yon nonm anba San Ayo ki te koule a. San te fason Bondye depi nan konmansman an, e San se fason Bondye aswè a. Li bon pou fè penitans ak tout bagay sa yo, men sali sèlman vini pa San an. San an se sèl fason ke Bondye te chwazi pou sove lòm, e Li pa ka chanje l.

³² Jòb te gen menm bagay la. Li te konnen ke li te yon moun ki jis, paske li te ofri sakrifis la—la ke Bondye te egzijè l la.

³³ Bon, annou fè rechèch kounye a pou wè kisa kote sa ye, ak kote Li mete Non Li a. Nou pral oblije jwenn kote Li mete Non Li a. Alò, si nou jwenn kisa Non Bondye ye ak ki kote Li mete Li, alò nou gen kote pou adore a osito nou jwenn sa.

Tout bagay sa yo, natirèlman, se te lonbraj bagay ki pou vini yo. Tout lalwa t ap prefigire bagay ki pou vini yo.

³⁴ Jis tankou, lalin lan se yon lonbraj solèy la. Li sèvi nan absans solèy la, jis tankou Legliz la ap sèvi nan absans P-i-t-i-t Bondye a. Nan absans Pitit la, pi piti Limyè a, Legliz la, kwayan yo, sèvi Bondye epi bay Limyè nan absans Pitit la. Men lè solèy la leve, ou pa wè lalin lan ankò, paske li kouche. Li pa bezwen limyè li ankò, paske li sèlman bay yon limyè endirèk, apati de solèy la. Kounye a, se tankou mari ak madanm, solèy la ak lalin lan ye, Legliz ak Kris.

³⁵ Kounye a nou jwenn, ke, bagay sa yo se yon lonbraj Kris. Chak sakrifis, fèt, ak tout bagay nan Ansyen Testaman an, te prefigire Kris; jis tankou lonbraj la frape atè a. Kounye a men ki kote nou pral gen pou jwenn plas kòrèk pou adorasyon an, se retounen isi a nan Ansyen Testaman an kote yo te bay li epi wè kisa bagay sa yo te ye.

³⁶ Kounye a, lè yon lonbraj vini atè a, ou ka di si se yon gason, yon fanm, oswa yon bèt, oswa kèlkeswa sa l te ka ye a, paske li voye yon lonbraj atè a. E kòm lonbraj sa a vin pi kout, lonbraj la vin negatif la; e pa ka gen yon negatif san yon pozitif. Se poutèt

sa, lè pozitif la vin pi pre negatif la, negatif la vale nan pozitif la. Lonbraj la ak—ak pozitif la vin jwenn ansanm, e se sa ki fè li se pozitif la alò.

E si “tout ansyen bagay yo,” Bib la di, “nan Ansyen Testaman an, se te lonbraj bagay ki pou vini yo,” alò se poutèt sa Kris te lonbraj bagay ki pou vini yo.

³⁷ Alò nou ka wè, pa tip Ansyen Testaman yo, ki kote Li te chwazi pou mete Non Li, e pou . . . pou kounye a. Kounye a, kòm lonbraj la se yon . . . travès atè a, mwen te di, se yon negatif, kòm se yon tip, konsa nou menm, adoratè yo, nou menm tou nou ka wè lonbraj Ansyen Testaman an k ap fonn nan pozitif Nouvo a.

³⁸ Kounye a, tout fèt yo, jou ferye yo, tout tabènak la, tout bwa a, tout bagay nan tabènak la, tout bagay te tipifye Kris. Tout ofrann yo, tout lwa yo, tout bagay te nan tip Kris. Nou te pase sou sa, anpil anpil fwa, isi a nan tabènak la.

Alò nou wè, pa sa yo, ke chak kredo, legliz, ak denominasyon yo kite yo lwen deyè. Li pa menm nan kous la, ditou. Chak kredo, chak legliz, chak denominasyon, yo kite yo deyò nèt. Pa gen plas pou yo ditou.

³⁹ Pa gen anyen ki tipifye nan Ansyen Testaman an, oswa nenpòt kote nan Bib la, de legliz la, ke inite fòse tou Babèl la. Sa se sèl bagay ki tipifye inite a. Paske, se te pa Nimwòd, yon nonm mechan ki te soti e ki te fòse tout ti peyi yo vini nan yon sèl plas ak gwo tou sa. Se te yon adorasyon relijye, natirèlman, men li pat konsidere nan Pawòl Bondye a. Kifè men kote ou wè relijyon denominasyonèl tipifye, tou Babèl la, nan Ansyen Testaman an. E, relijyon sa se te sètènman yon relijyon, men se pa relijyon Pawòl Bondye a.

⁴⁰ Bondye pa t chwazi mete Non Li nan okenn denominasyon. Mwen vle Lekriti pou li, si se sa. Mwen konnen yo pretann Li fè sa, men Li pa fè l. Li pa ka mete Non Li nan plizyè kote, paske Li te di Li mete Non Li nan yon sèl kote. Epi, sèl kote sa a, chak grenn nan denominasyon nou yo vle di yo se kote sa, men se kontrè a.

Men ki kote Li te mete Non Li?

⁴¹ Kounye a, epi, Li, ki Non Li, dabò? Nou pral oblije (Non) jwenn kisa Non Bondye ye anvan nou ka jwenn ki sa L ap mete nan plas la.

Kounye a, nou jwenn ke Li te gen anpil tit. Yo rele L . . . Yo te rele L “Papa,” ki se yon tit. E yo te rele L “Pitit,” ki se yon tit. Yo te rele L “Sentespri,” ki se yon tit. Yo te rele L “Woz Sawon an,” ki se yon tit. “Lis Vale a,” yon tit, “Zetwal Maten an.” “Jewovajire, Jewova-rafa,” sèt diferan non redanmtè, konpoze, e yo tout se te tit. Okenn nan yo pa t non.

Men Li gen yon Non.

42 Lè Li te rankontre Moyiz, Li potko gen yon Non, e Li te di Moyiz: “MWEN SE MWEN YE SA A.” E lè nou wè Jezi sou tè a, ap pale nan Ebre chapit 6 la . . . Mwen mande nou padon, Sen Jan chapit 6 la. Li di: “MWEN SE MWEN YE SA A.”

Yo di: “Enben, Ou se yon Nonm ki pa gen plis pase senkantann, epi W di ke Ou ‘te wè Abraham?’”

43 Li di: “Anvan Abraham te egziste, MWEN YE.” E “MWEN YE” se te Sila a, touf bwa k ap boule a, Kolòn Dife a ki te nan touf bwa k ap boule a nan epòk Moyiz, “MWEN SE MWEN YE A.”

44 E kounye a nou jwenn ke Jezi te di, tou: “Mwen vini nan Non Papa M, e nou pa resevwa M.” Alò, Non Papa a dwe Jezi. Se vre. Non Papa a se Jezi, paske Jezi te di sa. “Mwen pote Non Papa M. Mwen vini nan Non Papa M, e nou pa resevwa M.” Alò, Non Li se te Jezi.

E Gabriyèl te rele L Jezi, pwofèt yo te rele L Jezi, e Li te absoliman Jezi. Anvan nesans Li, menm pwofèt sen an te rele Non Li *Emanyèl*, ki se: “Bondye avèk nou.” Alò, “Bondye te manifeste nan lachè, pou L te retire peche mond lan,” e, nan fè sa, yo te ba Li Non Jezi. Kifè, Jezi se Non an.

E Non an te plase nan yon Nonm; pa yon legliz, pa yon denominasyon, pa yon kredo, men yon Nonm! Li te chwazi mete Non Li nan Jezikri. Kounye a nou jwenn ke lè sa Li vin yon plas pou adore Bondye, kote w adore L.

45 Depi menm anvan Li te fèt, Non Li te rele Jezi. Li te tèlman enpòtan, se te Zanj Gabriyèl ki te bay manman L li, ke Non Li t ap rele “Jezi, Pitit Bondye,” sa L te ye a.

46 Men nou genyen l, alò. Se sa l ye, sèl sa. Li se, pou Li sèlman, kote Bondye chwazi pou adore. Plas Bondye a, te chwazi. Bondye te chwazi rankontre lòm; se pat nan yon legliz, pat nan yon denominasyon, pat nan yon kredo, men nan Kris. Se sèl kote ke Bondye pral rankontre yon nonm, e li ka adore Bondye, se nan Kris. Sa se sèl kote a. Sa pa enpòtan si w se Metodis, Batis, Katolik, Pwotestan, kèlkeswa sa w ta ka ye a, gen yon sèl plas ke ou ka kòrèkteman adore Bondye, se nan Kris.

Women 8:1, te di: “Se poutèt sa kounye a pa gen okenn kondanasyon pou sila yo ki nan Kris Jezi, ki pa mache dapre lachè, men dapre Lespri.” Sa se Levanjil la.

47 Nou ka diferan sou kredo yo. Nou ka diferan sou teyori lòm fè yo. Ou ka al nan yon legliz Metodis, ou dwe yon Metodis; yon Batis, yon Batis; yon Katolik, yon Katolik. Men lè yon fwa ke w batize nan Kris, epi w vin yon manm Kò Li, pa gen okenn diferans. Miray separasyon yo detwi epi ou lib, paske ou nan Kris Jezi. E ou adore Bondye nan Lespri epi nan Laverite lè w nan Kris Jezi. Se plan Bondye pou w adore L nan Kris Jezi.

48 Kounye a, pa gen okenn denominasyon legliz ki ka pretann sa, pèsonn pa ka pretann sa. Kijan w oze fè deklarasyon konsa? Pou fè yon bagay konsa se t ap yon espri antikris, ki t ap elwaye de Kris; pou retire nan men Li. Ou pa ka fè sa. Kris se sèl plas kote Bondye rankontre adoratè yo.

49 Yo di, jodi a. Mwen te gen moun pou di m. Yon nonm te rele m sa pa fè lontan, nan Beaumont, Texas. Li di: “Mesye Branham, si non w pa nan liv legliz nou an, ou pa ka al nan Syèl.” Èske w t ap janm panse a sa? Piga w kwè yon bagay konsa. Yo panse ou dwe fè pati de sèten legliz sa oswa ou pa ka al nan Syèl. Sa fo. Pou kwè sa, se antikris. Mwen di sa: Si w kwè yon lespri konsa, ou pèdi. Sa se yon bon siy ou pèdi, paske l ap retire nan sa Bondye te fè a. Bondye pa janm mete Non Li nan okenn legliz. Li mete L nan Pitit Li a, Kris Jezi, lè Li ak Pitit Li a te vin Youn. Sa se veritab kote pou adorasyon an. Nanpwen lòt fondasyon ki te poze, nanpwen lòt wòch.

Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe;
Tout lòt teren yo se sab k ap koule.

Denominasyon yo pral kraze miyèt moso epi tonbe, nasyon yo pral pase, men Li pral rete pou tout tan. Okenn lòt kote ke yon nonm ka jwenn, pou adore Bondye, ke Bondye va reponn li, okenn kote ke nan Kris Jezi. Sa se sèl kote la, sèl kote ke Bondye te chwazi pou mete Non Li, e sèl kote Li rankontre lòm, pou adore. Ou pèdi, pou kwè nenpòt lòt bagay.

50 Remake, tout sèt fèt Jwif yo te kenbe nan menm kote a. Yo pat janm kenbe yon sèl fèt *isi a* pou Metodis yo, epi youn lòt bò *isi a* pou Batis yo, youn *laba* pou Presbiteryen yo, youn dèyè *isi a* pou Katolik yo, ak youn pou Pwotestan yo. Tout sèt fèt yo te kenbe nan menm kote a.

51 Se yon trè bèl tip *isi a*. Nou fèk pase sou Sèt Aj Legliz yo, pou montre ke Bondye kenbe tout Sèt Aj Legliz yo nan Pawòl la, paske chak aj legliz te pwodwi yon pati nan Pawòl la, e nenpòt lè yo te pwodwi l epi yo te wè Limyè a.

Jis tankou moun yo ki te dekouvri pou premye fwa pou batize nan Non Jezi. Kisa yo te fè? Yo te fè yon denominasyon avèk li, e li te mouri drèt la. Alò Bondye te deplase drèt soti al nan yon lòt moun. Li p ap rete nan youn nan kredo ak dògm sa yo. Li pa gen anyen pou L wè ak sa. Pa gen anyen ki pèvèti nan Bondye. Pawòl Bondye a sen, Li pa kontamine. Kris se pwen santral adorasyon Bondye. Li se Bondye.

52 Tout sèt fèt yo dwe selebre nan sèl kote sa. Ou pa t ka selebre fèt la nan okenn lòt kote. Men sèt sa yo, kote . . . Sèt fèt pou ane a dwe selebre nan yon sèl kote. Se poutèt sa, Sèt Aj Legliz yo te dwe soti nan sèl grenn kote a, se te Kris ki t ap pale nan Sèt Aj Legliz yo. Se egzakteman sa. Tip, Sèt Aj Legliz yo, men yo te fè denominasyon avè li.

53 Kounye a ann gade yon lòt tip pandan nou isi a, se, tip pak la, ki te prefigire Jezi. Nou remake isi a sakrifis san an, pa lanmò. Sakrifis san an se te kote ki te prefigire Kris. Èske yon denominasyon ka senyen; èske w te ka panse a yon legliz k ap senyen, yon denominasyon k ap senyen? Sètènman pa. Sa te pran san, pou senyen sot nan yon vi. Epi, lavi a, isi a Jezi vin parèt pa ayo a. Ayo a se te yon tip Kris, e li te prefigire Kris, paske Li te “Ayo Bondye a,” ke Jan te prezante a, “ki retire peche mond lan.” Nou jwenn Jezi k ap vin parèt, isi a nan Egzòd chapit 12 la.

54 Remake, se te sèl kote lanmò pat ka frape. Lè lanmò te sou pwen pou l frape peyi a, te dwe gen yon sètèn kote; tout moun ki soti anba sa a te mouri. Se yon sèl kote! Kounye a, sa pa t vle di se te yon sèl kay; men te gen yon sèl kote, se la yo te touye ayo a. Kote san ayo a te ye, zanj lanmò a pat ka frape, paske se te sèl kote Bondye te mete Non Li. E ayo sa a te rele anvan la nan konmansman an, yon ayo. Remake, se te sèl kote li pa t ka frape.

55 E kounye a se menm bagay la jodi a. Gen yon sèl kote ke lanmò espirityèl pa ka frape, se Pawòl la. Lanmò pa ka frape Pawòl la, paske Se Pawòl vivan Bondye a.

Men lè w mete kredo avè Li, Pawòl la retire Tèt Li. Li va separe tankou dlo ak lwil. Ou pa ka melanje l ansanm. Se poutèt sa, ou wè, lè kredo a antre nan yon denominasyon, yo tout al dèyè kredo a; epi Pawòl la etenn, epi pase a yon lòt moun epi fè Li ogmante pi plis. Li sezi mouvman an, alòs ke L soti nan jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a, epi kontinye soti al nan Grenn lan! Èske w wè chimen Bondye te swiv la? Li fè Non Li avanse, tout tan, drèt nan menm fason an, paske Li se Pawòl la.

Remake, Li pa ka mouri. Pawòl Lavi a pa ka mouri.

56 Remake jan sa pafè, kounye a. Zanj lanmò a pa t gen entèdiksyon pou l frape gwo pèp entelekyèl peyi Lejip la. Li pa t gen entèdiksyon pou l frape tè sakre li yo, gwo bilding li yo, farawon li yo. Oswa, prèt yo nan peyi a, zanj lan pa t gen entèdiksyon pou l frape. Li te ka frape nenpòt bilding, nenpòt kote, nenpòt moun, men li pa t ka frape kote ayo a te ye.

Lanmò pa ka frape kote plas Bondye bay sa ye a, e se nan Ayo a.

57 Remake, pa menm te . . . li pa t gen entèdiksyon pou l frape Izrayèl oswa prèt Ebre li yo, e, oswa nenpòt nan denominasyon yo. Tout dwe nan kote Bondye chwazi epi bay la, oswa lanmò te frape.

58 Legliz, kèlkeswa kote w ye a, sa a ou fè pati de li a, pa fè okenn diferans pou mwen. Men, gen yon sèl bagay ou dwe konnen, ou dwe nan Kris oswa ou mouri. Ou pa ka viv andeyò de Li. Legliz ou a te ka kòrèk, kòm yon bilding; fratènite w la te ka kòrèk, selon lòm. Men lè w nye Kò a, San an, Pawòl Jezikri a, ou mouri minit ou fè sa. Se kote pou adore Bondye chwazi. Men

ki kote Non L ye, egzakteman. Men kote Li te chwazi pou mete Non Li; pa nan legliz la, men nan Pitit la, Jezikri.

⁵⁹ Remake, te gen sekirite sèlman nan plas Li chwazi a, nan ayo Li a, e nan non ayo a.

⁶⁰ Remake, se te yon ayo “mal”, yon li maskilen, pa yon li feminen. Se pa yon legliz, li feminen; men Non Li maskilen, pa non li feminen. Kote Li maskilen ta pral rankontre moun yo se pa t nan non li feminen, men nan Non Li maskilen, Limenm, Ayo a!

⁶¹ Kounye a nou di: “Legliz la, gran legliz pwisan an, li te fè *sesi* epi li te fè *sela*. Li brave tanpèt yo. Nou ogmante an kantite. Nou an gran kantite. Nou se yon legliz pwisan. Li se yon gwo bagay.”

Men Bondye pa t janm di anyen sou yon li feminen. Li di: “Limenm.” “Limenm,” se plas reyinyon an, Ayo a, pa legliz la. Pa non li feminen, men Non Li maskilen. Li pa t mete non li feminen pyès kote. Li mete Non Li maskilen nan “Limenm”!

Se poutèt sa, “Tout sa nou dwe fè, oswa pawòl oswa zèv, nou dwe fè tout sa nan Non Jezikri.” Si nou priye, nou dwe priye nan Non Jezi. Si nou fè yon demann, nou dwe mande nan Non Jezi. Si nou mache, nou mache nan Non Jezi. Si nou pale, nou pale nan Non Jezi. Si nou batize, nou dwe batize nan Non Jezikri. Paske, “Tout sa nou fè an pawòl oswa an zèv, fè l nan Non Jezikri.”

⁶² Yon kanmarad te di m yon fwa, ap diskite sou sa, li te di: “Frè Branham, madanm mwen, mwen pa . . .” Li di: “Li, non l se *Entèl entèl*.” Li se yon minis, li ka chita isi a kounye a. Epi li di: “Madanm mwen,” li di, “li pote non m.” M ap jis di *Jones*, paske se pat Jones. Li di: “Kounye a, li pa bezwen leve chak maten, pran bale a epi di: ‘Kounye a mwen bale atè a nan non Jones, epi mwen lave veso yo nan non Jones, epi mwen rapyese rad yo nan non Jones.’” Li di: “Mwen pa panse ou dwe rele okenn non ditou.”

Mwen di: “Mwen kwè ou dwe fè l.” Se vre.

Epi li di: “Ebyen, poukisa? Li pa oblije di l. Tout sa li fè se nan non Jones, pou kòmanse.”

⁶³ Mwen di: “Men ou pa t janm mache nan yon lari pou pran l, pou di, ‘Vini non, Jones.’ Li te dwe vin, an premye, pa yon seremoni, yon seremoni maryaj, ‘Jones.’ Si li pa t fè l, n ap viv nan an adiltè. E si w batize nenpòt lòt fason ke nan Non Jezikri, se yon batèm adiltè, ke yo pa jwenn nan Bib la.”

Alò: “Sa w fè an pawòl epi an zèv, fè l tout nan Non Jezi.” Apre sa, sa w fè! Men anvan, ou dwe pran Non Li.

⁶⁴ Gen anpil bon medam nan bilding sa aswè a, bon, medam fidèl; men gen yon sèl Madam William Branham. Se li ki pral lakay avè m. Se li ki madanm mwen.

65 Gen bon moun nan mond lan, bon legliz; men gen yon sèl Madam Jezikri, e se pou li L ap vini. Se la Non Li ye. Men kote adorasyon Li ye, nan Manzè ak Manzè sèl. Sa se vre. O, wi, mesye. Nou jwenn ke se vre.

66 Kounye a, se poutèt sa, nou menm, “Tout sa nou fè an pawòl oswa an zèv, nou fè l nan Non Jezikri.”

“Pa gen yon lòt non ki bay anba Syèl la pou sali, ke Non Jezikri.” Ak, chapit 2 a, di ke, “Nou fèt pou nou konnen sa . . .” “Pa gen yon lòt non ki bay anba Syèl la kote yon nonm dwe sove, sèlman nan Non Jezikri.” Amèn. Mwen espere nou konprann li. Non Jezikri, chak . . .

Pi wo nan Syèl la pote Non Li, “Tout fanmi nan Syèl la rele Jezi,” Bib la di, “e tout fanmi sou tè a rele Jezi.” Kifè se Non Bondye chwazi ak kote Li mete L. Sa se plas Li pou adore, se nan Jezikri. Kounye a, nou konnen ke se konsa sa ye, pa gen lòt kote pou adore ke nan Li.

67 “Pa gen okenn lòt non anba Syèl la ki bay nan mitan lòm, kote yo dwe sove.” Li se Non redanmsyon Bondye a. Bondye gen yon non ki rele Jewova-jire, Jewova-rafa. *Jewova-jire*, “Seyè a padonnen tout peche w yo.” *Jewova-rafa*, “Seyè a geri tout maladi w yo.” Li te gen anpil tit. Men Li gen yon sèl Non redanmsyon, ki fè pati de ras imen an, e se Non “Jezi.” Sa se Non Li, Li te chwazi mete. Ki kote Li te mete L? Li mete L nan Kris.

68 Tout lòt non legliz, kredo, tit, se lanmò pou fè yo konfyans. W ap fè legliz Metodis konfyans pou mennen w nan Syèl la, ou pèdi. Si w ap fè Pannkotis yo konfyans, legliz Pannkotis pou mennen w nan Syèl la, ou pèdi. Epi Batis yo, Literyen, Presbiteryen, Katolik, nenpòt lòt legliz; si w fè non yo konfyans, oswa tit yo, oswa kredo yo, ou pèdi.

Paske, ou pa ka menm adore jiskaske anvan ou rive nan plas la pou adore. Amèn. Se sèl kote Bondye rankontre adoratè a, se plas Li te chwazi pou mete Non Li. Tout lòt yo, si w fè yo konfyans, w ap mouri. Li menm tou . . .

69 Yon lòt lonbraj Jezi isi a, mwen te note, Lekriti a. Epitou, Li—Li te prefigire isi a: “Li dwe san yon tach.” Kote Li mete Non Li a, ayo sa a dwe san defo.

Kounye a, sou ki denominasyon oswa sistèm ou ka tache sa; ki legliz, Katolik, Pwotestan, Jwif, kèlkeswa sa l ye a? Sou ki sistèm, denominasyon, ou ka tache sa, “san yon tach sou li”? Tout rejte, e yo refize tout!

Men gen yon kote! Alelouya! Kote sa a se nan Jezikri. Pa gen yon tach sou Li. Pa gen okenn defo nan Li.

Ou pa ka tache sa. Tout moun sa yo ki eseye fè sa, di legliz yo san defo ak tout bagay sa. Yo souye, dezobeyisan anvè Pawòl la, yo renmen, a mwatye mouri, Lawodiseyen, kredo, men se pa

Laverite. Men menm Pilat limenm, lènmi Li, te di: “M pa ka jwenn okenn defo nan Li.” Pwòp lènmi L te temwaye ke pa t gen okenn defo nan Li. Ou pa ka tache okenn peche sou Li.

⁷⁰ Li te di prèt yo nan tan Li yo: “Kilès nan nou ki ka akize M de peche? Ki moun ki ka montre M ke Mwen se yon pechè?”

Di m yon sèl legliz ki ka di yo pa t janm fè anyen ki mal. Franchman, pa gen youn nan yo, apèn, ke sa ki te asasinen e ki te fè tout bagay ki gen nan kalandriye a pou fè, apèn. Apre sa yo toujou rele tèt yo. . . Kifè se pa plas Bondye reyini pou adore a, nan okenn kredo oswa denominasyon.

⁷¹ Zanmi m yo, mwen pa vle blese santiman, men mwen responsab pou yon Mesaj, e, Mesaj sa se: “Soti nan dezòd sa!” E si m mande nou pou n soti, ki kote m pral mennen nou? Èske m t ap mennen nou nan Branham Tabènak la? Sa gen otan defo ke nenpòt nan rès yo.

Men gen yon sèl kote mwen ka mennen nou, kote nou an sekirite epi n pwoteje kont lanmò, sa se nan Jezikri, plas Bondye pou adore a. Se plas sa m ap prezante nou, aswè a, kote Bondye mete Non Li. Kote Li te pwomèt Li t ap rankontre chak moun ki antre la, Li t ap adore avè l epi fete avè l, se nan Kris; pa nan okenn legliz, nan okenn tabènak.

Men, nan Kris, Li se Tabènak Bondye a. Li se plas ke Bondye te antre a, Limenm, e Li te abite nan Li. “Sa se Pitit Gason byenneme M lan, nan Li Mwen pran plezi pou M abite.” Men kote Bondye te fè tabènak pou rete, te pote Non Li epi te plase Li sou, Jezikri. Se poutèt sa, Non Li te mete nan yon Nonm, Pitit Li a, Jezikri, nan kote Li te fè tabènak pou mete Tèt Li, e nan Tabènak sa.

Kote, nan yon tip, ansyen Jerizalèm lan, ansyen fèt yo, ansyen tanp lan, se te yon tip; lè lafimen an te antre, jou ke lach la te antre a, alyans lan, epi l te tabli, e yo te tande Vwa Bondye a soti nan li.

Se konsa yo te tande Vwa Bondye a, k ap antre nan Tabènak la, Jezikri; ke, Ansyen an (natirèl) se te yon tip ak yon lonbraj Nouvo a. E lè L te antre nan Kris, Li te di: “Sa se Pitit Gason Byenneme M lan, nan Li Mwen pran plezi pou m abite ladann. E M ap chwazi plas kote M ap mete Non Mwen, e kote M va rankontre lòm, e kote M va adore.” Bondye te chwazi kote a; pa nan okenn denominasyon legliz, men nan Jezikri. Wi, mesye.

⁷² Li dwe tou “san defo,” jan m te di a. Okenn denominasyon pa ka pretann sa. Yo fè sa; yo se antikris.

⁷³ Kounye a nou jwenn isi a, remake lonbraj Li ankò. Yo dwe kenbe ayo a—a. Kounye a, yo jwenn sa nan Egzòd 12, si w ap make li, Egzòd 12:3 a 6. Yo dwe kenbe ayo a pou kat jou, pou yo teste l, pou wè si li diy pou ale nan sakrifis la ankò. Yo dwe pran l, egzamine l ankò epi ankò, pandan kat jou, pou wè si gen yon

tach sou li, pou wè si gen nenpòt maladi nan li, pou wè si gen yon bagay ki mal ak ayo a. Yo dwe kenbe l pou kat jou.

⁷⁴ Kounye a remake. Kèk nan nou te ka panse ke sa te yon ti kras, touye nan katòzyèm lan. Men, nou sonje, yo te pran ayo a sou dizyèm jou nan mwa a, epi yo te touye l sou katòzyèm jou nan mwa a, ou wè, ke yo te kenbe l pandan kat jou.

⁷⁵ Kounye a, Jezi, Non Bondye, Ayo a, te antre nan Jerizalèm epi pa t janm soti ankò jouk apre lanmò, antèman, ak rezirèksyon Li. Yo te kenbe l anba kritik pandan kat jou ak kat nwit. Ala Ayo sa te tipifye pafètman, gade pandan kat jou. Se lè sa Pilat te di: “Mwen pa ka jwenn okenn defo nan Li.”

⁷⁶ Yon lòt lonbraj Li, okenn zo pa t ka kase nan Li, ki te pafètman, lè yo pa t kapab. Nan touye sakrifis la, yo pa t ka kraze yon zo. Si se te sa, yo te refize l. E yo te deja rale mato a pou kase zo janm Kris yo, lè yo te di: “Li deja mouri.” Yo te pèse kòt Li epi yo te jwenn San ak dlo.

⁷⁷ Remake ankò yon lòt gwo bagay isit la. Mwen pa t ap sote l, paske Li te reprezante nan ofrann yo, ofrann farin la.

Mwen sonje yon lè yo te gen yon lekòl, nan Bib la, ki te rele lekòl pwofèt yo, e se te tout on lekòl. E nou jwenn ke Eli te monte la nan lekòl sa yon jou, e yo te di: “Nou . . .” Yo te priye l pou l pati, yo te di: “Lè w bò isi a, bagay yo twò dwat.” Kifè yo te vle l ale.

Epi yo te soti al pran yon dine pou li. Epi yon gwoup nan prèt yo te soti, oswa pwofèt yo, pou pran enpe pwa, pou prepare yon dine pou li. Epi lè yo te fè sa, yo te rasanble yon gwo gwoup tabliye plen avè yo; e lè yo te retounen, se te joumou sovaj, ki te pwazon, e yo te jete yo nan chodyè a. Epi potaj la kòmanse bouyi, e yo, yon moun, te di: “Elas, gen lanmò nan chodyè a. Kounye a nou pa menm ka manje.”

Epi Eli di: “Pote yon ponyen farin pou mwen.” Epi li te pran farin lan epi l te jete l nan chodyè a, epi li di: “Manje. Chodyè a geri.”

⁷⁸ Ofrann farin lan se te Kris. Chak grenn te dwe menm jan an, e chak ti moso farin te dwe moulen menm jan an, pou ofrann farin lan. Sa ki montre ke Li se Gerisè a. Li ranplase, epi retire lanmò, epi mete Lavi; pa de lwa yo. Alelouya! Kote lanmò ye, yon sèl plas; lè Kris antre, Lavi antre. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E kote ki te gen lanmò, se la ki te vin Lavi, paske yo te mennen Kris, ofrann farin lan.

⁷⁹ Ala yon gwo leson ke bagay sa yo t ap ye si nou pran tan pou detaye yo! Kounye a remake, pa gen yon sèl mo nan lonbraj yo ki echwe. Pa gen yon sèl mo ki te janm echwe, nan lonbraj la. Tout bagay tipifye pafètman.

Li se kote Bondye chwazi pou adore a, e yo ba Li Non Bondye. Li se kote pou adore Bondye, e yo ba Li Non Bondye. Li se Pawòl

Bondye a, e Li se Non Bondye. Li se toude Pawòl Bondye a ak Non Bondye a. “Li te Pawòl ki te fèt chè a.” Li te Pawòl Bondye a, Ayo Bondye, Non Bondye, e se te Bondye. Se sa Li te ye, kote ki chwazi a e sèl kote pou adore pou Bondye.

⁸⁰ E Bondye refize nenpòt lòt plas apa nan Jezikri; ou pa ka adore L nenpòt kote. Li di: “Pou granmesi yo adore M, y ap anseye kòm Doktrin kòmandman lèzòm yo.” Jodi a nou gen kredo, dògm, ak tout bagay, ki anseye *sesi* se chimen an epi *sela* se chimen an.

E Jezi di: “Mwen se Chimen an, Verite a, ak Lavi a, e pèsonn pa ka vin jwenn Bondye eksepte pa Mwen.” Nan lòt mo, “Mwen se Pòt pou pak mouton an. Tout sa k deyò se vòlè.” Li se sèl apwòch la. Li se Pòt la. Li se Chimen an, Verite a, Lavi a, tout sa ki genyen; sèl antre a, sèl kote a, sèl adorasyon an, sèl Non an.

Tout bagay relye ak Jezikri. Tout Ansyen Testaman an relye avè L. Nouvo Testaman an relye avè L. E Legliz la jodi a relye avè Li, pa Pawòl kòmandman Li a. Pa gen yon lòt kote, oswa yon lòt Non, oswa nenpòt kote, kote Bondye te janm pwomèt pou rankontre yon nonm; sèlman nan Jezikri, kote Li chwazi pou adore.

⁸¹ Remake, Bondye te pwomèt pou rankontre adoratè Li yo nan sèl plas sa a sèlman, e sa se ak Pwòp chwa pa L; pa ak chwa pa nou, pa ak panse nou; men ak panse Li, chwa Li. E se t ap plas kote L mete Non Li, kote L te chwazi a. Alò nou dekouvi ke nou jwenn kote Non Li te ye, kisa Li te chwazi, pa Pwòp chwa pa L.

⁸² Kounye a ke nou te jwenn plas Li mete Non Li, sa se, nan Kris Jezi, e pa gen okenn lòt kote, oswa okenn lòt non, èske w satisfè ak sa? Di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye a, bagay la se ke, si nou jwenn kote plas la ye. . . Kote pou adore a pa aksepte okenn kote, sèlman nan Kris.

Ou ka repanti, ou ka fè sa, men ou poko ap adore. W ap mande padon. Pyè te di. . .

Nan Jou Pannkot la, lè yo te wè yo tout ap pale an lang, ak gwo siy ak mèvey k ap fèt, yo kòmansè ri, legliz la te fè sa, epi yo te di: “Mesye sa yo plen ak diven tou nèf. Yo aji tankou moun sou. La. . .” Mari vyèj la, yo tout, te ansanm, sanven ladan yo. Epi yo t ap titibe tankou mesye ki sou, e yo t ap pale an lang, epi yo t ap eksite. Yo di: “Mesye sa yo plen ak diven tou nèf.”

⁸³ Men Pyè, ki te kanpe, te di: “Mesye frè yo, mesye sa yo pa plen ak diven tou nèf, paske se jis twazyèm lè nan jounen an. Men sa se sa ke pwofèt Jowèl te pale a, ‘E sa va rive nan dènye jou yo, Bondye di, Mwen pral vide Lespri M sou tout chè; pitit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize; sou sèvant Mwen yo ak sèvant Mwen an Mwen pral vide Lespri Mwen. Mwen pral montre siy nan syèl yo anwo a, ak sou tè a; dife, kolòn dife, vapè lafimen. Sa pral rive, anvan gran Jou terib Seyè a va vini, ke nenpòt moun ki va rele Non Seyè a va sove.’”

84 Lè yo te tande sa, yo te pike nan kè yo, epi yo te di: “Mesye frè yo, kisa nou ka fè?”

85 Pyè di: “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo, e nou va resevwa don Sentespri a. Paske pwomès la se ke tout jenerasyon k ap vini yo.” Kounye a nou jwenn sa.

86 Kounye a nou vle jwenn kijan nou antre nan Li. Kijan nou fè antre nan plas adorasyon sa a? En Korentyen 12 regle sa, paske, “Pa yon sèl Lespri!” Pa pa yon sèl legliz, pa pa yon sèl kredo, pa pa yon sèl pastè, pa pa yon sèl evèk, pa pa yon sèl prèt. Men, “Pa yon sèl Sentespri nou tout batize nan yon sèl Kò,” ki se Kò Jezikri, epi soumèt a tout don ki mete nan Kò sa. Wi, mesye! Nanpwen fè w manm, nanpwen resite kredo, nanpwen ponpe, lage sa, bay lanmen, oswa anyen lòt. Men, pa Nesans nou batize nan Kò Jezikri a! Amèn. “Pa yon sèl Sentespri nou tout batize nan yon sèl Kò.”

87 E kisa Kò sa ye? “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la se te Bondye. E Pawòl la te fèt chèn e Li te abite nan mitan nou.” Kijan nou ka nan Kò sa epi nye yon sèl Pawòl nan Li, oswa mete L yon lòt kote ke Li pa menm nan Kò a? Kijan nou ka janm fè l? Plas Bondye chwazi a!

88 Remake, e lè w vrèman batize nan Li, vrè prèv la se ke ou kwè Li, Pawòl la.

Kijan w ka yon pati nan Li epi nye L? Kijan m ka renye men m kòm etan men m? Si gen . . . Si m fè sa, gen yon bagay mantalman ki pa bon avè m. E kijan m ka fè? Si gen yon bagay mantalman ki pa bon avè m, renye ke se men m, renye ke se pye m, gen yon bagay ki pa bon espiyèlman ak kwayan an ki renye nenpòt Pawòl ke Bondye te janm di ak pwomèt. Gen yon bagay ki pa bon espiyèlman ak swadizan kwayan sa.

89 Ou pa ka nye yon lèt nan Li, paske ou vin yon pati nan menm bagay la. Ou se yon pati nan Li paske ou batize nan Li; pa, Sentespri a te mennen w nan Kò Jezikri a. Ala yon bèl bagay!

90 Bondye te gen yon sèten plas Li te rankontre—Li te rankontre Abraham, e se la Abraham te adore. Desann tout nèt nan Testaman an!

E Pawòl Li ki te pwomèt la pral entèprete nan ou, pa Li. Èske w te konprann sa? Pawòl ke Li te pwomèt pou akonpli nan jou ke w ap viv ladann lan: ou va yon lèt Bondye ki ekri, ke tou lèzòm li. Pa sa w pretann, men sa Bondye fè atravè ou, pral pale pi fò pase nenpòt bagay ou te ka pretann. Bondye di: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.” Sa pale atravè ou.

91 Li te pale de laj sa, kisa k ta pral fèt kounye a. Kwayan aj sa a dwe kwè Sa a, sa Li te pwomèt jodi a. Jis menm jan yo te dwe antre nan lach la, pou yo te sove; soti kite Lejip pou yo sove; yo

dwe antre nan Kris, pou yo sove kounye a, nan Pawòl Mesaj la, ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

⁹² Kijan w fè antre nan Li? Pa batèm! Batèm kisa, dlo? Pa Sentespri a! “Yon sèl Lespri, nou tout batize nan yon sèl Kò sa.”

⁹³ E Pawòl Li ki te pwomèt la, Li p ap . . . Ou p ap gen pou entèprete Li. Li va entèprete Li atravè ou; sa w ap fè a, sa Li te pwomèt pou fè. Legliz ki swiv Li a pral tèlman sanble ak Li jouk moun yo va konnen.

Gade Pyè ak Jan lè yo te poze yo kesyon sou gerizon yon nonm nan pòtay ki rele Bèl la. Yo te di: “Yo te wè,” prèt sa yo te wè, “ke yo toulède te dezòm inyoran epi san lenstriksyon,” men yo remake ke yo te avèk Jezi. Paske, (kisa?) yo t ap fè bagay ke Li te fè yo.

⁹⁴ Li dwe ap okipe zafè Papa a. E jodi a li dwe menm jan an.

⁹⁵ Kounye a, sonje, Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; paske Bondye rankontre w nan Li, sèl plas ki genyen an; paske se la Li te chwazi pou mete Non Li, nan Jezi. “Jezi” se Non Bondye. Sonje, Papa, Pitit, Sentespri, se tit pou Non “Jezikri.”

⁹⁶ Lè Matye te di: “Se poutèt sa ale, anseye tout nasyon yo, nan batize yo nan Non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.”

Kijan yo te mal entèprete l jodi a, epi di: “Nan non Papa a, non Pitit la, non Sentespri a.” Sa pa menm ekri. Se, “Nan Non an,” sengilye, “de Papa, Pitit, Sentespri.” *Papa* se pa yon non, *Pitit* se pa yon non, *Sentespri* se pa yon non; se yon tit.

Dis jou pita, Pyè te leve kanpe epi li te di: “Repanti, nou chak, epi batize nan Non Jezikri.” Alò èske li te fè sa Li te di l pa fè? Li te fè sa Li te di l pou l fè. Non Papa a, Pitit, ak Sentespri se “Seyè Jezikri a.” Chak moun nan Nouvo Testaman an te batize nan Non Seyè Jezikri.

⁹⁷ Pa gen yon sèl moun nan Bib la ki te janm batize nan tit Papa, Pitit, Sentespri. Sa pa t janm egziste jiskaske kredo Nise a te adopte nan Nise, Wòm. Se te yon lòd legliz Katolik, ki te jwenn, te konfime menm bagay la, nan katechis la. Mwen genyen li, se vre, *Reyalite Lafwa Nou*, e latriye, ke se absoliman yon kredo Katolik Women. Yo va di w li pa nan Bib la; men yo di yo gen pouvwa pou chanje Pawòl yo, si yo vle, poutèt pap la. Mwen pa dakò.

Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. “E kèlkeswa moun ki va retire yon sèl Mo nan Bib sa,” Jezi te di, “oswa mete yon sèl mo ladan L, pati pa l la pral retire nan Liv Lavi a.” Yon sèl Mo; pa yon fraz, oswa yon paragaf, men yon Mo! “Kèlkeswa moun ki va pran yon sèl Mo. . .”

⁹⁸ Nan kòmansman an, Bondye te fòtifye pèp Li a ak Pawòl Li. Yon sèl Mo, mal entèprete, te lakòz tout lanmò, chak kè sere, chak lapenn. Èv, li pa t janm brize yon fraz; li te brize yon Mo. Lè Jezi vini nan mitan Liv la. . . Se te premye a nan Liv la.

Lè Jezi vini nan mitan Liv la, kisa L te di? “Li ekri ke lòm pa dwe viv ak pen sèlman, men ak tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye.”

Nan dènye a nan Liv la, Apokalips chapit 22, vèsè 18 la, dènye pati a menm nan Bib la, Jezi pale Limenm, Li di: “Mwen temwaye ke si yon nonm va retire yon sèl Mo nan Liv sa, oswa ajoute yon sèl mo sou Li, pati pa l la pral retire nan Liv Lavi a,” paske li se yon fo pwofèt e li te bay moun yo yon fo entèpretasyon, e yo va mande l kont pou san yo, poutèt li fè sa.

⁹⁹ Nou dwe kenbe sèl plas pou adorasyon sa, ki se, Jezikri Pawòl la, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Amèn. Dakò. Sonje, pa gen okenn lòt plas reyinyon pou adore, pa yon kote. Bondye te chwazi Li.

¹⁰⁰ John, byen lwen laba a nan lyen ant Nouvo ak Ansyen Testaman an. Koute byen kounye a. Remake byen. Jan, gwo èg sa a, vini ap vole sot nan dezè a yon jou, gwo zèl li yo detire. Li te poze sou rivaj Jouden an, yon gwo èg pwofèt ki te fè pon ant Ansyen ak Nouvo Testaman an, e li te rele yo a dwat ak agòch. Li t ap konvoke yon jou repantans.

Ki kote Farizyen yo ak Sadiseyen yo soti; li te di: “Pa kòmmanse di anndan nou: ‘Nou gen Abraham pou papa nou,’ paske mwen di nou ke Bondye kapab ak wòch sa yo leve pitit pou Abraham.” O la la!

Lè li kòmmanse pwoklame Levanjil li a, epi li di: “Gen Youn ki kanpe nan mitan nou, Ke nou pa konnen. M poko idantifye L, men m ap konnen L lè L vini. M pa diy pou m delase soulye Li. Men L ap batize nou ak Sentespri a ak Dife. E vantilatè Li nan men Li; Li va netwaye planche Li a nèt, e Li va boule pay la ak Dife ki pa etenn.”

¹⁰¹ Gran èg Levanjil sa a te la, pandan l t ap voye gwo menas li yo. Epi salte a soti, oswa Ewòd, anperè a nan epòk sa, pwoklamatè a, te marye ak madanm frè li. Epi èske w te ka imajine gwo èg Levanjil sa a ta chita la epi rete an silans sou sa?

Kèk nan yo te di: “Piga w preche sou maryaj ak divòs kounye a, Jan, paske men Ewòd chita la.”

¹⁰² Li te mache dwat nan figi l epi l di: “Li pa legal pou ou genyen l.” Se sa!

Kisa, li, sa te ye? Li te èg sa ki soti nan dezè a. Li pat fòme anba perèz ak menas lòm, kèk denominasyon. Men li te fòme anba pwisans Bondye Toupwisan an, pou l konnen kisa k t ap genyen la. Li te konnen idantifikasyon Mesi a.

Alelouya! Mo a vle di: “Louwe Bondye nou an!” Ou pa bezwen pè. Mwen poko janm fè pèsonn mal. Mwen pa eksite. Mwen konn drèt kote m ye.

O, lè m panse a li, gwo èg sa k ap vole deyò la epi ap poze! Li te di: “M ap konnen L lè L vini.”

¹⁰³ Yon jou li te kanpe la, ap preche. Prèt yo te sou lòtbò a, li te di, “Ou vle di pral gen yon tan k ap rive yo pral retire sakrifis chak jou a; gwo tanp sa ke nou te bati a, ak tout travay nou fè a, noumenm gwo denominasyon an?”

Li di: “Pral gen yon tan k ap rive kote tout sa pral disparèt.”

“Sa pa ka fèt. Ou se yon fo pwofèt!”

¹⁰⁴ Epi li te gade toutotou. Li te di: “Gade, men Li! Men kote Bondye chwazi pou adore. Men Ayo a, vrè Ayo a ki retire peche mond lan.” Li pa t di: “Men Metodis yo vini, men Batis yo vini, oswa Katolik yo.” Li di: “Men Ayo Bondye a vini ki retire peche mond lan.”

Sèl zòn sekirite ki genyen se nan Ayo Bondye sa. Se nan Li sèlman sali a ye; pa nan okenn legliz, okenn kredo, okenn pèp, okenn papa, okenn manman, okenn nonm sen, oswa anyen, kote ki sen. Se nan Bondye Sen an, Seyè Jezikri a, kote Bondye te plase Non Li sou yon Èt imen, pou redanmsyon, Ki te peye pri a pou noumenm pechè yo. Sa se sèl kote ki gen sali. Sa se Wòch mwen kanpe sou Li a.

¹⁰⁵ Jan te idantifye L. Li te di: “M pa t konnen L lè m te wè L ap mache pwoche, men laba a kote m te fè etid mwen . . .” Pa nan seminè a tankou papa l te fè l; pa tankou yon prèt, fòme. Men nan dezè a, kote li te nan seminè teyolojik Bondye Toupwisan an, ap tann Pawòl Bondye a; pa sa kèk gwoup òm te maniganse, men sa Bondye te di sou Li. Epi lè Jan te gade anlè epi l te wè Lespri a k ap vini, li di: “Mwen rann temwayaj, sa se Li.” O la la!

Men kote pou adore w la. Men kote pou kache w la. Men Ayo Bondye a ki retire peche mond lan. Pa okenn legliz, okenn kredo, oswa anyen lòt, men Ayo Bondye a ki retire peche mond lan.

¹⁰⁶ Ou wè kijan Jan te plase l? Li pa t di: “Nou menm Farizyen ki gen rezon, nou menm Sadiseyen yo, Ewodyen yo.” Li di: “Men Ayo a.” Se plas la sa. Li gen Non an. Li se Sila a. Pa yon lòt non anba Syèl la!

¹⁰⁷ Gade kisa Jezi te di sou Jan kounye a. Yon jou Jan te voye bò kote L, pou wè kisa L t ap fè. Jezi te di de li: “Li te gran limyè sa k ap briye a,” pou montre yo bon chimen ke yo ta dwe swiv anvan vini L la, premye vini Li a. Koute byen. Pa rate l. Jezi te di: “Jan te limyè sa.” Malachi 3, nanpwen erè! Pwofèt la ak gran limyè klere a te idantifye Jezi kòm etan sèl Sila a, “Ayo a.” Tout lòt ayo prèt yo t ap pale yo a, ak tout lòt bagay sa yo, se te foli. Men “Ayo a!” Nonm ak gwo limyè klere a, ke Jezi te di li te ye a.

Malachi 3 di: “M ap voye mesajè Mwen devan M pou prepare chimen an.” E sila ki te voye a pou prepare chimen an, te idantifye L, plas la. “Sa se Li! Pa gen okenn erè. Sa se Li! Mwen wè siy k

ap swiv Li a. Mwen konnen ke se Li; yon Limyè k ap desann sot nan Syèl e ki pral sou Li.” Se te pozitif, se te Li menm.

¹⁰⁸ Alò, frè m lan, mwen vle mande w yon bagay, antan m ap fini. Nou ta ka di sa. Nan Malachi 4, èske yo pa pwomèt nou tou yon lòt èg, yon Kolòn Limyè pou swiv, pou montre legliz k ap ere jodi a ke Li se Ebre 13:8, “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan”? Èske yo pa pwomèt nou yon lòt ki pou vin ap vole sot nan dezè a? Amèn! Se egzakteman Laverite. Ala sa adapte epi li koresponn ak Lik 17:30, kote Fis de lòm lan (Èg) pral revele Tèt Li pou redwi a anyen tout lòt kote pou adore, tankou denominasyon yo e latriye!

Bondye te chwazi plas Li. Jan te di: “Men Li!”

¹⁰⁹ E apre sa yo te pwomèt nou menm bagay la nan jou sa, Malachi 4, “Pou fè kè timoun yo tounen dèyè,” pou di ke Li pa mouri, bagay sa yo pa pou yon lòt aj; batèm nan Non Jezi pa t pou anvàn la a, men Li se menm lan kounye a. Amèn. Pou redwi a anyen tout lòt kote pou adore yo, se sa èg dènye jou a dwe fè, pou montre ke tout rès la se foli, denominasyon se foli, men pou montre yo ankò ak menm siy ke Li te fè a, ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Alelouya!

¹¹⁰ Epitou, nan Apokalips 4:7, nou te gen kat Bèt ke nou fèk etidye.

Premye a se te, nou te dekouvri. . . dekouvri, se te lyon an. Sa se te premye Bèt la ki te avanse pou leve defi jou sa, Lyon Tribi Jida a.

Apre L pwochen Bèt la vini. Epi nou dekouvri, pwochen Bèt la se te yon bèf, ki se yon bèf ak chay, yon sakrifis. Nan epòk katedral Women an, Legliz la te etenn; sakrifis.

Pwochen vini an, se te yon nonm, se te yon Bèt ak figi yon nonm. E nonm sa se te refòmàtè yo, edikasyon lòm, teyoloji, e latriye.

Men dènye Bèt ki te gen pou vole a, dènye Bèt ki te gen pou vini an, Bib la di se te yon èg ki t ap vole. Alelouya! Epi pwofèt la te di, nan jou sa a: “Va gen Limyè.” O la la! “Nan jou sa va gen Limyè.”

¹¹¹ Te gen yon jou pou refòmàtè yo. Te gen yon jou ki jis yon lonbray, ki pa ka rele lajounen oswa lannwit. Men nan tan aswè a, nan tan Èg la:

Va gen Limyè nan tan Èg la,
Chimen pou al nan Laglwa a ou va jwenn li
sèten;
Nan chimen dlo a se Limyè a jodi a,
Antere nan Non presye Jezi.
Jenn kou granmoun, repanti de tout peche nou
yo,
Sentespri a pral siman batize w;

Paske Limyè aswè yo te vini,
Se yon reyalite ke Bondye ak Kris se Youn.

¹¹² Amèn! Va gen Limyè nan tan aswè a, sèl kote Bondye chwazi pou adore. O, kisa Mesaj sa vin fè, kisa Li pral fè? Epi nan jou pa L la va gen Limyè nan tan aswè a, epi (kisa?) pou akeyi pitit Li yo k ap retounen lakay yo nan vrè Tè pwomès la, pa menm siy Kolòn Dife a ki te kondwi timoun Izrayèl yo nan dezè a.

Kote Bondye chwazi pou adore, Jezikri. Se sèl kote sa ki genyen. Sa se sèl Non Bondye genyen pou sali. Se Non sa Li bay fanmi an nan Syèl la, lè li sou tè a, se Jezikri.

¹¹³ O legliz, O pèp, zanmi pechè, pa fè okenn lòt bagay konfyans ke Jezikri. Pa fè okenn predikatè konfyans. Pa fè okenn lòt moun konfyans pou sove w. Pa mete konfyans nou nan okenn legliz, okenn kredo, okenn denominasyon. Mete konfyans nou sèlman nan Jezikri, paske Li se Limyè pou lè a.

Annou bese tèt nou.

Va gen Limyè nan tan aswè a,
Chimen pou al nan Laglwa a ou va jwenn li
sèten;
Nan chimen dlo a se Limyè a jodi a,
Antere nan Non presye Jezi.
Jenn kou granmoun, repanti de tout peche nou
yo,
Sentespri a pral siman antre ladann;
Limyè aswè yo te vini,
Se yon reyalite ke Bondye ak Kris se Youn.

¹¹⁴ O, frè, sè, si w poko repanti, si w pa batize nan Non Jezikri, èske w ta fè sa kòmanse aswè a? Èske w t ap bay Bondye okazyon pou akeyi w nan plas kote w ka adore L la? Sonje, andeyò la, pa gen okenn kote ke Bondye te pwomèt pou rankontre w epi aksepte adorasyon w lan.

¹¹⁵ Ou di: “Frè Branham, mwen adore nan tout senserite!” Se konsa Kayen te fè l. Li te fè tout kalite ofrann ke Abèl te fè, men se te move ofrann lan. Ou ta ka al legliz, epi peye dim ou you, epi fè devwa w tankou yon Kreyen dwe fè l, jis sensè menm jan ak nenpòt gason oswa fanm.

Sa fè kounye a yon trantèn lane mwen kanpe isi a, alantou vil la isi a, e m ap kriye menm Mesaj sa. M ap vin granmoun. Mwen pa ka avè nou twò lontan ankò. Men sonje, nan Jou Jijman an, vwa m anrejistre, e li va pale kont ou.

¹¹⁶ Gen yon sèl kote sèlman ke Bondye mete Non Li, e se pa nan yon legliz, men nan Jezi. Gen yon sèl kote sèlman pou adore, yon sèl kote sèlman ke yo resevwa w, e se nan Byenneme a, Jezikri. “Pa gen yon lòt non anba Syèl, ki bay pami lèzòm, kote pou yo sove,” pa gen okenn legliz, pa gen okenn kredo, pa gen anyen. Jezikri!

E sa sipoze Mesaj pou lè a: “Pou restore kè timoun yo, retounen nan Lafwa ki te delivre yon fwa bay sen yo.” Èske w p ap aksepte Li aswè a?

E pandan nou gen tèt nou bese.

¹¹⁷ E sa yo ki ta renmen pou yo sonje yo nan lapriyè, èske nou ta jis leve men nou. Nou pa ka fè yon apèl a lotèl, paske li jis twòp. Bondye beni nou. O la la! Sou bò gòch mwen, mwen sipoze gen twasan.

¹¹⁸ Kounye a sou bò dwat mwen, nou ta vle leve men nou, di: “Mwen vle yo sonje m.” Mwen sipoze gen sansenkant, oswa plis, sou bò dwat mwen.

Nou gen yon tabènak anba la ak yon gwo basen dlo; pastè, yon bon pastè, Frè Orman Neville, asosye yo, mesye sa yo bò isit la ke nou wè epi rankontre. Chak jou, chak swa, chak èdtan, moun ki vle batize, ki repanti, li toujou ap tann. E si w obeye kòmandman sa, ou sèten, pa yon pwomès Bondye, si w sensè nan kè w, pou resevwa batèm Sentespri a.

¹¹⁹ Gen yon sèl kote sèlman pou adore. Bon, se pa nan tabènak la. Sa se nan Kris. Kijan pou nou antre nan Li? “Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò sa.”

Annou priye.

¹²⁰ Chè Bondye, alòske men sa yo te leve, yo te montre sa ki te dèyè men sa nan kè a, yon konviksyon ke yo sèten yo bezwen èd nan men Ou. Mwen priye pou chak nan yo, Papa. E m pral site Pawòl Ou. Ou di: “Sila ki tandè Pawòl Mwen, e ki kwè nan Sila ki te voye M lan, gen Lavi etènèl, epi li p ap vini nan Jijman an; men li pase de lanmò a Lavi.”

Papa, m te jis pati kite vil la pou kèk semèn, m te retounen, m te mande: “E *sila* a?”

“Enben, yo pati.”

“Ebyen, e . . .”

“Yo pati.”

¹²¹ Chè Bondye, yo rele nou youn pa youn, youn pa youn nou dwe leve defi a pou mache desann nan vale lonbraj lanmò a. E sa dwe rive nou chak, antan ke mòtèl. Men, aswè a, Ou te ofri nou demann Ou a, ke si nou ta kwè nan Li epi batize nan Non Li, ke Ou t ap resevwa nou. E apre sa nan Kò sa, Kò Kris la, pa nan legliz la, men nan Kò Kris la, Kò sa deja jije. Li p ap gen pou L vini nan Jijman. Bondye te vide kolè Li sou kò sa a, e kò sa a lib de peche; epi, etan nan Li, Li libere nou de peche, ak Ekspyasyon Li ki te mouri pou nou. E anndan la nou gen kominyon youn ak lòt, pandan ke San Jezikri, Pitit Bondye a, kenbe nou pwòp de tout peche ak salte.

¹²² Papa Bondye, mwen priye ke W va pran yo chak nan Wayòm Ou. Akòde l, Bondye. Ke pa gen youn nan yo ki pèdi; ke pa gen

yon ti gason oswa yon tifi, gason oswa fanm. Seyè, kèk nan pwòp moun pa m yo chita isi a, aswè a, ki pa anba San sa. Ala m ka sonje pawòl papa m yo byen! E mwen priye, Chè Bondye, ke okenn nan yo p ap pèdi. Akòde l, Seyè. M ap kwè nan Ou kounye a, ak tout sa m genyen pou m kwè avè l.

¹²³ Bouje sou frè m yo, sè m yo, zanmi m yo, isit la nan plas sa aswè a epi lòt bò nan telefòn lan. Plizyè eta diferan k ap koute, ale nèt depi sou Kòt Lès la rive nan Lwès la. Mwen priye, Chè Bondye, byen lwen atravè dezè yo la nan Tucson, laba nèt nan Kalifòni, anwo nan Nevada ak Idaho, byen lwen nan Lès la ak nan viwonn lan, desann nan Texas; pandan envitasyon sa a bay, moun ki chita nan—nan ti legliz yo, nan estasyon sèvis yo, nan kay yo, ap koute. O Bondye, ke nonm oswa fanm ki pèdi sa, ti gason oswa tifi, nan moman sa, vin jwenn Ou. Akòde l jis kounye a. Nou mande l nan Non Jezi, ke yo va jwenn plas sekirite sa pandan li tan.

Alòske, nou wè ekriti a men an sou miray la, tè a vin sou nè, tan delivrans lan tou pre. Yon pati nan nasyon nou an ap koule, lòt pati a ap woule epi ap eklate ak tranblemanntè, jan Jezi te pwomèt li t ap ye a. Ke sa pa pran twò lontan pou yo, Seyè. Ke yo aksepte l kounye a, paske nou prezante yo ba Ou kòm twofe reyinyon an, Levanjil la, nan Non Jezi. Amèn.

¹²⁴ Èske w kwè L? Bondye beni w. Konbyen moun ki kwè ke se Laverite, sou bò gòch mwen? Leve men nou. Konbyen sou bò dwat mwen? Leve men nou. Bondye beni nou. Dapre sa ke mwen ka wè, se tout moun. Sa se Laverite, zanmi. Bondye konnen se vre.

¹²⁵ Kounye a pandan ke w nan Li, e etan nan Li, ou gen aksè a tout bagay Li te mouri pou yo. E pou kisa Li te mouri? “Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou; chatiman pou lapè nou te sou Li, e avèk mak ki sou Li yo nou te geri.” Èske w kwè sa? Èske w kwè nan ekspyasyon Li pou gerizon kounye a?

¹²⁶ Èske gen yon malad nan mitan nou? Kite yo leve men yo, adwat oswa agòch. Gwo foul moun maladi. Mwen pa ka rele liy lan. Ou wè, mwen pa . . . pa ka monte sou lestrad la. Pa gen okenn fason pou fè l.

Y ap fè reyinyon priyè nan lòt kote, pou malad yo, nan legliz yo ak bagay, anba nan tabènak la.

Mwen pral mande w yon bagay. Konbyen kwayan ki genyen? Leve men nou. Dakò. Mwen pral site Pawòl la pou nou, ki se Kris. Dènye komisyon Jezi pou mond lan, epi pou Legliz la, pito, Li te di sa: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.” Konbyen moun ki konnen se vre, Mak 16, di: “Amèn.” [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Dakò. M ap mande w antan ke kwayan pou poze men sou yon moun devan w. Jis poze men w sou yon moun ki devan w, epi annou chak priye

yon priyè youn pou lòt kounye a. Mete men w sou yon moun bò kote w.

¹²⁷ Seyè, men devan m isi a yon bwat mouchwa, ti moso twal; kèk vye manman ki kouche yon kote, k ap mouri, yon bebe tou pre lanmò, moun malad toupatou. Nou li nan Bib la ke yo te pran mouchwa ak tabliye nan kò Pòl, e yo te mete yo sou malad yo; epi move lespri yo, ak espri enpi yo, ak maladi, ak maladi, te pati kite moun yo. Kounye a, Seyè, nou konnen nou pa Sen Pòl, men nou konnen ke Ou toujou rete Jezi, sèl kote pou adorasyon Bondye bay la. E kounye a, jodi a, moun sa yo konfese menm lafwa yo, nan kwè tankou moun sa yo te fè l. Se sèten Ou te fè yon chimen pou yo! E mwen mete men m sou mouchwa sa yo epi mande pou maladi ak afliksyon yo kite kò moun ke sa yo pral depoze sou yo nan Non Jezikri.

¹²⁸ Kounye a, yo anseye nou, ke antan Izrayèl t ap soti kite Lejip, nan liy devwa a, yo te sou wout yo pou al nan peyi pwomès la. Lamè Wouj la te bare wout yo. Epi Bondye te gadé anba nan Kolòn Dife a, epi lanmè a te vin pè, li te rale kò l, epi li te kite Izrayèl pase al nan peyi pwomès la. O Bondye, gade anba atravè San Jezi a, aswè a, e ke maladi a rale kò l, epi pou Satan chase. E ke moun yo pase al nan pwomès bòn sante ak fòs sa, ke Bondye te di: “Anvan tout bagay, Mwen swete nou pwospere nan sante.”

¹²⁹ Kounye a jan Ou wè la a, Seyè Jezi, men moun sa yo poze youn sou lòt, y ap senbolize lafwa yo, ke Ou di: “Siy sa yo va swiv sa yo ki kwè.” Y ap priye nan pwòp fason pa yo, youn pou lòt. Vwazen yo ap priye pou yo.

¹³⁰ Kounye a, Seyè, defi sa leve, ke Satan, gwo blòf la, li pa gen okenn dwa pou l kenbe yon pitit Bondye. Li se yon èt ke yo bat. Jezikri, sèl kote pou adore a, sèl vrè Non an, te bat li sou Kalvè. E nou reklame San Li kounye a menm, ke Li te bat tout maladi, tout afliksyon.

E mwen rele pou Satan kite oditwa sa a. Nan Non Jezikri, soti nan moun sa yo, e pou yo vin lib.

¹³¹ Tout moun ki aksepte gerizon yo sou baz Pawòl ki ekri a, fè temwayaj ou nan kanpe sou pye ou epi di: “Kounye a mwen aksepte gerizon m nan Non Jezikri.” Leve kanpe sou pye nou.

Lwanj pou Bondye! Men ni. Gade bò isi a, enfim ak bagay sa yo k ap leve. Lwanj pou Bondye! Se sa. Jis kwè. Li isi a. Ala mèveye!

¹³² Laba a nan oditwa a, sou deyò a, pa zond yo, nou ta dwe wè! Mwen panse ke chak moun anndan isi a, otan ke m konnen, oswa pi fò nan yo, ap kanpe nan moman sa. O, ala yon moman mèveye! Prezans Seyè a, se sa! “Kote Prezans Seyè a ye, gen libète, gen libète.” Lespri Bondye fè nou lib.

¹³³ Kounye a ke Li geri nou, nou kwè sa. Li sove nou; nou kwè sa. Sila yo ki vle batize, pisin lan pare. Nenpòt moman, nenpòt lè ke ou vle vini, pral gen yon moun la pou okipe sa.

E kounye a mwen panse, anvan nou fini, nou ta dwe chante yon ansyen kantik legliz. “Mwen renmen L, mwen renmen L paske Li te renmen m an premye.” Leve men nou bay Bondye epi chante l ak tout kè nou!

Nou vle rankontre w isi a demen maten, a nevè edmi, nan menm bilding sa a, pou sijè *Maryaj Ak Divòs*. Dakò.

Ann chante l kounye a ansanm.

Mwen renmen L,

Kite gwo oditwa sa chante sa kounye a! Deyò nèt atravè zond yo, chante l, tou.

Paske Li te renmen m an premye

E Li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

¹³⁴ Ki kote sa te fèt? Sou pyebwa Kalvè a. Pandan n ap chante l ankò, mwen vle w bay lanmen ak yon moun bò kote w, di: “Bondye beni w, pèlren.”

Mwen . . . (. . . ? . . .)

Paske Li an premye . . .

E Li te achte sali mwen

Sou . . .

¹³⁵ O, èske nou pa renmen L? Èske Li pa mèveye? Èske Li se Refij nou? Li se yon Wòch nan yon peyi arid, yon Abri nan tan tanpèt la, sèl Refij mwen konnen. Se poutèt sa:

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè a,

Sovè Diven;

Kounye a tande m pandan m priye,

Retire tout kilpabilite mwen,

Pèmèt mwen apati de jodi a

Pou m pou Ou nèt!

Ann leve men nou pandan n ap chante l.

Lafwa m gade sou Ou,

Oumenm Ayo Kalvè a,

O Sovè Diven;

Kounye a tande m pandan m priye,

Retire tout peche mwen,

O pèmèt mwen apati jodi a

Pou m pou Ou nèt!


Annou bese tèt nou kounye a pandan n ap fredonnen l.

Pandan m ap mache nan labirent fènwa lavi a,

Epi chagren bò kote m gaye,

Se pou Ou Gid mwen;

Ke fènwa tounen jou,
Siye dlo lapenn nan je m,
Pa kite m janm pèdi wout mwen
Soti bò kote W.

Pandan nou gen tèt nou bese, pastè byenneme nou an, Frè
Orman Neville, pral lage oditwa a. 

65-0220 Kote Bondye Chwazi Pou Adore
Lekòl Segondè Parkview Junior
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papeyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org